

Asistans Reyaplwa Florid:

Etap pou Resevwa Peman

1. Depoze Reklamasyon w la

- Pou depoze oswa ranpli aplikasyon pou Asistans Reyaplwa w la, ale nan [Floridajobs.org](https://www.floridajobs.org) epi klike sou depoze yon reklamasyon.
- Yon fwa w fin voye aplikasyon w lan sou papyè oswa sou Entènèt, DEO ap voye ba ou yon notifikasyon atravè imèl oswa lapòs avèk enstriksyon ki eksplike kijan pou w konekte sou CONNECT epi kijan pou kontinye ak reklamasyon w la.

2. Verifikasyon

- Pandan pwosesis verifikasyon* an, DEO pral konfime idantite w epi yap mennen ankèt sou si w te resevwa salè nan men ansyen anplwayè w la. DEO pral tcheke tou si w te ranpli yon reklamasyon pou chomaj nan yon lòt eta.

***Yon reklamasyon "verifye" se lè DEO konfime idantite yon moun atravè Administrasyon Sekirite Sosyal epi yo verifye ke reklaman an (a) te resevwa salè nan Florid epi (b) li pa resevwa salè nan lòt eta.**

3. Detèminasyon Monetè

- Depi enfòmasyon w yo kòrèk epi DEO fin verifye reklamasyon w lan, DEO ap detèmine si w kalifye pou resevwa benefis yo ak ki kantite lajan wap kalifye pou resevwa.
 - DEO ap fè w konnen si w kalifye ak ki kantite benefis ou kalifye pou w resevwa.
 - Anplis de notifikasyon DEO a, Bwat resepsyon CONNECT la pral founi enfòmasyon sou detèminasyon DEO te pran sou kalifikasyon reklaman an.
- Si yon reklaman oswa yon anplwayè pa dakò ak detèminasyon DEO a sou kalifikasyon anplwaye a, reklaman an oswa anplwayè a ka depoze yon apèl kont detèminasyon an.

4. Resevwa Peman

- Usted recibirá sus pagos mediante depósito directo o tarjeta prepagada, de acuerdo con su selección.

